



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU RAPÒ FIX NYC A

“Mwen resevwa rapò Fix NYC a epi mwen pral li l atantivman. Mwen remèsye pànèl la pou travay di ak efò li fè a. Mwen pral diskite sou diferan opsyon yo avèk kò lejislatif la pandan plizyè mwa k ap vini yo.

Pa gen dout nou dwe finalman okipe pwoblèm anbouteyaj sèten k ap vin deplizanpli grav la nan distrik komèsyal santral Manhattan nan epi prezante yon plan toutbon, ki posib epi ke kò lejislatif la pral adopte pou rekòlte lajan pou amelyore MTA, san fè pasaje yo peye plis.

Yon modèl pri inifòm pou FHV yo ki dekouraje prezans kontinyèl nan distrik komèsyal santral la epi ki rekonpanse kamyon yo lè yo fè livrezon nan lè ki gen mwens sikilasyon yo se yon eleman nesesè.

Peyaj yo dwe pi ekitab. Deplasman pou ale ak sòti nan New Jersey kapab mwen chè pase depasman pou sòti nan awondisman eksteryè Vil New York yo. Peyaj yo varye anpil, epi yo dwe rasyonalize pou kou yo kapab ekitab pou tout moun.

Rapò a kòrèkteman fè remake objektif la se pa ogmante peyaj pou antre nan awondisman Manhattan nan, men pi espesifikman depasman sa yo ki ajoute nan anbouteyaj la nan yon distrik komèsyal santral defini.

Men, kòm yon gason ki fèt epi leve nan Queens, mwen gen san awondisman eksteryè nan venn mwen, epi se yon priyorite pou mwen pou nou kenbe kou yo ba pou Nouyòkè k ap travay di yo, epi ankouraje itilizasyon transpò a komen. Nou dwe jwenn yon jan tou pou nou redui kou yo pou pon awondisman eksteryè yo nan kèlkeswa plan ki adopte a”.

###